

Asistans pou Lojman

Asistans Ki Disponib Pou Tout Moun

Tout moun gen aksè a kèk benefis imedyat a kout tèm pou ede avèk bezwen debaz yo nan ka yon dezas:

- Kwizin soup popilè, ki bay manje cho
- Bank alimantè, ki bay pwovizyon
- Sant sante
- Sèvis konsèy nan sitiyasyon kriz
- Abri pou lannwit pandan ijans (anpil nan yo mande ou kite nan lajounen an)
- Abri vvolans domestic

Tcheke avèk Sant One-Stop ki pi pre www.careeronestop.org oswa sant sante pou ou chèche konnen sèvis ijans lokal ki ka ede ou.

Gade tou Farmworker
Justice's guides
(Gid Jistik Farmworker a)
sou Asistans Manje
ak Lajan.



FARMWORKER
JUSTICE

1126 16th St. NW, Suite LL-101
Washington, DC 20036
www.farmworkerjustice.org

Piblikasyon sa a a te finanse pa Administrasyon Resous Sante ak Sèvis (Health Resources and Services Administration (HRSA)) Depatman Sante Etazini ak Sèvis Sosyal (U.S. Department of Health and Human (HHS)) anba akò kooperativ U30CS22741, Akò Kooperasyon Nasyonal pou Fòmasyon ak Developman Asistans Teknik, (National Training and Technical Assistance Cooperative Agreement) pou \$ 450,000 ak 0% ki finanse avèk resous ki pa federal . Enfòmasyon sa a oswa kontni ak konklyzon yo se pa otè a epi yo pa ta dwe entèprete kòm pozisyon politik ofisyèl oswa andòsman pa HRSA, HHS, oswa gouvenman Etazini an.



NAN KA YON GWO DEZAS



Asistans pou Lojman

FEDERAL ASISTANS POU IJANS - AVÈK KÈK RESTRIKSyon

Pwogram Endividye ak Fanmi (IHP)

Nan ka yon dezas federal te deklare, Individuals and Households Program (Pwogram Endividye ak Fanmi (IHP)), yon pwogram ki jere pa Federal Emergency Management Agency (Ajans Federal pou Jesyon Ijans (FEMA)), ki ede avèk reparasyon kay yo ak lòt depans ki nesesè yo.

Pou kalifye, ou dwe yon sitwayen Ameriken, yon sitwayen ki pa sitwayen ameriken, oswa yon etranje ki kalifye, ki ap viv nan zòn dezas federal la declare a, epi ou pa dwe kapab viv nan kay ou a oswa li dwe seryezman domaje kòm rezulta dezas la.

Bezwen asistans Lojman gen ladan:

- Lojman tanporè (swa lojman gouvènman an bay oswa lajan pou ou peye lwave)
- Reparasyon - estriktirèl, chofaj, sèvis piblik (gaz, limyè), sistèm dlo
- Ranplasman lajan pou pati nan kay la ki pa kouvri pa asirans
- Konstriksyon lojman pèmanan (sèlman si FEMA di ke pa gen okenn lòt kalite asistans lojman ki disponib)

Lòt bezwen pou asistans gen ladan:

- Depans medikal ak dantè ki gen rapò avèk katastwòf la
- Depans ki gen rapò ak ponp finèb ak antèman ki gen rapò avèk katastwòf la
- Depans si ou te oblige deplase ak mete afè ou nan depo ki gen rapò avèk katastwòf la
- Gadri pou timoun (timoun ki pokò gen 13 an oswa timoun ki gen laj 14-18 ane ak yon andikap)
- Bagay divès (atik ki elijib yo se bagay ke ou te achte apre yon katastwòf pou ou ka rantre nan kay la pou ede avèk efò pou netwaye)

Pou Aplike

Si ou kalifye, ou ka aplike pou tèt ou pou nempòt ki manm fanmi ou ki kalifye. Ou dwe aplike pou benefis FEMA nan 60 jou apre dezas la. Sèlman yon sèl moun nan yon kay ka aplike epi resevwa lajan.

Pou aplike pou benefis, swa ale nan www.FEMA.gov pou aplike sou entènèt oswa rele 1-800-621-3362.

Ou ka vizite yon Sant Sekou pou Katastwòf, si gen youn nan zòn ou an.

Benefis IHP yo san taks epi ou pa bezwen remèt yo. Yo pap konsidere yo kòm revni oswa resous pou detèmine kalifikasyon ou pou okenn pwogram benefis federal ki base sou revni.

Ou kalifye pou IHP si ou se:

- Yon Sitwayen Ameriken
- Yon moun ki gen otorizasyon travay ki valab
- Yon rezidan pèmanan legal (kat rezidans)
- Yon refijye
- Yon Moun yo bay azyl
- Yon kiben / ayisyen ki entre isit
- Yon imigran sivivan trafik moun oswa vyalans domestik (detantè viza T-a oswa U)
- Yon moun ki an libète sou kondisyon pou plis pase yon ane
- Yon moun ki te resevwa yon retansyon sou depòtasyon li

Si asirans ou kouvri depans sa yo, ou pa ka jwenn èd nan men IHP.



Nan ka yon gwo dezas